

# Coronavirus (COVID-19)

## Pwogram Suivi Aprè Egzeyat

Ou pare pou kite lopital la.

**Ekip nou an pran angajman pou ba w swen.**



**Men sa ki pral rive nan pwochen 21 jou kap vini yo.**

### Swivi nan Telefòn

Yon enfimye nan Swen Tranzisyon pral rele w an de (2) fwa pou l pran nouvel ou apre w fin kite lopital la. Ou pral resevwa premye apèl la kèlke jou apre egzeyat la, epi yon dezyèm apèl apeprè yon semèn apre pou asire retablisman w lan ap kontinye.

**MyChart** ofri aksè pèsonalize e sekirize sou entènèt pou jere ak resevwa enfòmasyon sou sante w epi se yon mwayen pou ou kominike ak pwofesyonèl swen sante w. Itilize kòd aktivasyon 10 chif yo te ba ou a pou kreye yon kont. Epi apresale nan paj enskripsyon MyChart la <https://mychart.mountsinai.org/mychart/accesscheck.asp>

### Vizit Swivi sou Videyo

Nou pran dè mezi anplis pou ka wè doktè w pi fasilman e san danje. Kidonk, laplipa vizit swivi medikal ki planifye ak pwofesyonèl swen sante nou yo, yap fèt sou videyo oswa nan telefòn. Pou ka konplete vizit sou videyo w la, ou FÈT pou gen yon kont MyChart.

### Don Plasma

Si w gen ant laj 18 lane rive 65 lane, ou te teste pozitif pou SARS-CoV-2 a, epi w te retabli konplètman, ou kapab yon bon kandida pou fè don plasma, sa ki kapab ede nou trete oswa anpeche COVID-19 lakay lòt moun. Tanpri, eskane kòd QR la pou ranpli kesyonè preseleksyon nou an.



**Pou jwenn plis enfòmasyon:**

Voye imèl nan:

[SinaiPlasmaDonation@mountsinai.org](mailto:SinaiPlasmaDonation@mountsinai.org)

Ale nan: [mountsinai.org/SinaiPlasmaDonation](https://mountsinai.org/SinaiPlasmaDonation)

